


# VIL CAMBRIDGE

## Kisa Bisiklèt Elektrik Ye?



**Bisiklèt elektrik yo se bisiklèt ki gen yon motè ki mache ak yon batri.**

**Klas 1\*** | Motè a ede lè w ap pedale, jiska 20 mph\*\*

**Klas 2** | Motè a ede lè w ap pedale oswa lè w ap itilize akseleratè men, jiska 20 mph

**Klas 3** | Motè a ede lè w ap pedale jiska 28 mph\*\*\*

\*Klas = kategori.

\*\*Vitès yo ka ale pi vit nan ladesant.

\*\*\*Lwa Eta a def ni Klas 1 ak Klas 2 Klas 3 pa def ni nan lwa a men li toujou legal pou itilize.

## Kilè pou Itilize yon Bisiklèt Elektrik?



Ale travay oswa lekòl



Pou fè komisyon



Bwote chay lou ak/oswa timoun



Si monte bisiklèt mande twòp enèji



Pou distans ki pi long yo

## Opsyon Bisiklèt Elektrik yo

### Kalite batri



- Detachab oswa tou kole avèk li
- Chèche youn ki satisfè nòm sekirite yo: UL 2849 oswa EN 15194

### Estil ankadreman

- Antre atravè oswa janbe



### Transmisyon

- Pale ak magazen bisiklèt ou a sou diferan kalite



### Kalite bisiklèt

- Ki Ka Pliye—pi fasil pou pote ak estoke
- Bisiklèt E-cargo — pote pasaje ak/oswa chay
- Bisiklèt adaptatif oswa elektrik ki pedale ak men



# Poukisa pou Ou Itilize yon Bisiklèt Elektrik? *Li amizan! ... tou*



Amelyore sante



Mwens swe



Pi fasil pou deplase nan trafik



Plis Pwoteje anviwònman plis pase machin



Koute mwens pase kondwi



Pa gen lisans ki nesèsè nan Massachusetts

## Konsèy Sekirite pou Bisiklèt Elektrik



- Vwayaje yon fason previzib
- Tcheke dèyè w anvan w vire oswa chanje liy
- Bay siyal anvan w fè yon vire
- Pa trese antre ak soti nan liy yo

- Mete yon kas
- Rete vizib (sèvi ak limyè epi reflektè yo)



- Pratike kote ki gen mwens trafik
- Woule dousman nan kote ki gen anpil moun
  - Kanpe pou moun k ap mache
- Vitès Bisiklèt elektrik ka etonan
  - Fè atansyon epi montre respè bò kote lòt moun, espesyalman timoun, granmoun aje, ak moun ki andikape yo
  - Chofè yo ta ka pa atann gwo vitès la; pran anpil prekosyon, sitou nan entèseksyon yo

## Estoke yon Bisiklèt Elektrik

- Kote ki an sekirite (garaj, sousòl, abri)\*
- Sèvi ak yon bon kle, pale ak magazen bisiklèt ou a
- Batri: estoke nan yon kote ki pwòp, sèk, 32° a 68° F
- Chaje: swiv enstriksyon ki enkli ak bisiklèt la

\* Bisiklèt elektrik yo twò gwo ak lou pou pote moute eskalye, eksepte pou modèl ki ka pliye yo

## Ki kote Bisiklèt elektrik yo otorize?



- Wout akliy bisiklèt
- Pifò wout bisiklèt ak santye asfalte yo (tcheke règleman lokal yo)



- Pa sou twotwa yo
- Pa sou santye ki pa asfalte sof si yon siy di ou kapab

**Pou plis enfòmasyon ale nan**

[www.cambridgema.gov/Departments/communitydevelopment/cambridgecycleaccessprograms](http://www.cambridgema.gov/Departments/communitydevelopment/cambridgecycleaccessprograms)

**CITY OF  
CAMBRIDGE**

**CDD**  
Community  
Development